

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Data jeung Sumber Data


Data dina ieu panalungtikan nya éta unsur budaya jeung ajén atikan dina karya sastra Sunda buhun. Lantaran panalungtik ngagunakeun téhnik dokuméntasi pikeun meunangkeun data nu mangrupa dokumén, anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta tulisan. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”, nu mangrupa dokumén pribadi Nini Cé koy (82 th), Kampung Bunut Rt 13/ Rw 06, Désa Ciuyah Kecamatan Cisarua, Kabupaten Sumedang. Nini Cé koy meunang éta naskah wawacan ti salakina (Aki Usin (Alm)). Ieu naskah “Wawacan Barjah” téh teu kapaluruh saha nu ngarang jeung nu nyalinna. Tapi, dina kolofon naskah “Wawacan Barjah” katitén tempat ditulisna éta naskah nya éta di Kampung Gelembung Mandalahérang Sumedang. Aya kamungkinan, yén éta naskah “Wawacan Barjah” téh dikarang atawa disalin ku rundayan silsilah kulawarga Aki Usin (Alm). Éta sumber bisa ngawakilan data anu ditalungtik, hususna dina jihat budaya jeung étnopedagogi.

3.2 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan dasar (*grounded theory*) tur maké pamarekan kualitatif. Panalungtikan dasar atawa *grounded theory* mangrupa panalungtikan anu miboga tujuan pikeun meunangkeun téori ngaliwatan data. Ieu panalungtikan dipuseurkeun kana ngungkab unsur budaya jeung ajén atikan anu nyampak dina naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”, kalawan ngagunakeun kajian élmu budaya jeung étnopédagogi. Élmu budaya dipaké pikeun maluruh unsur-unsur budaya. Ari élmu étnopédagogi dipaké pikeun maluruh ajén atikan nu nyampak dina naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”. Tina élmu kajian budaya jeung étnopédagogi, katémbong unsur budaya jeung ajén atikan nu nyampak dina

éta naskah wawacan. Patalina jeung masalah dina ieu panalungtikan, alur ieu panalungtikan digambarkeun sakumaha bagan ieu di handap.

Bagan 3.1 : Alur Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, méthode anu digunakeun nya éta méthode déskriptif analitik. Nurutkeun Alwasilah (dina Sukardi, 2007, kc. 36-37), méthode déskriptif analitik nya éta salah sahiji méthode anu aya dina panalungtikan kualitatif. Ieu méthode nurutkeun Nazir (dina Atisah, 1999, kc. 3) miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun, ngagambarkeun, atawa medar sacara sisematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta, sipat-sipat, sarta hubungan antarfénoména anu ditalungtik.

Éta hal luyu jeung nu diébréhkeun ku Sukmadinata (2012, kc. 72) yén méthode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun rupa-rupa kajadian. Boh kajadian nu sipatna alami boh kajadian nu sipatna rékaan, kalawan museurkeun ulikan kana wangun, kagiatan, karakteristik, parobahan, patalina, sasaruanaana, sarta bédana jeung kajadian lianna.

Dumasar katerangan di luhur, bisa dicindekkeun yén méthode déskriptif nya éta méthode anu ngungkulan pasualan-pasualan anu anyar ku jalan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, jeung napsirkeun data.

Anu dipedar dina ieu panalungtikan téh nya éta déskripsi naskah, nyusun transliterasi, analisis unsur budaya, ajén-inajén atikan karakter nu nyampak dina naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah” jeung rarancang modél pangajaran aprésiasi sastra pikeun rumaja di Kecamatan Ciater Kabupatén Subang. Déskripsi naskah anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan ngawengku raratan naskah, waruga naskah, jeung ringkesan eusi. Transliterasi naskah dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun alih aksara tina aksara Arab Pégon kana aksara Latén. Analisis unsur budaya didéskripsikeun dumasar kana tatapakan téori Koentjaraningrat anu ngawengku tujuh unsur budaya. Ajén-inajén atikan karakter didéskripsikeun dumasar kana katangtuan Pusat Kurikulum Departemen Pendidikan Nasional. Éta ajén-inajén atikan karakter, didéskripsikeun dumasar kana para palaku dina naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah” nu bisa dijadikeun pieunteungeun katut

picontoeun manusa. Sarta, rarancang modél pangajaran nu disusun dumasar hasil analisis ajén-inajén atikan karakter sangkan bisa diaprésiasi ku para rumaja.

3.4 Wangenan Operasional

Aya istilah nu perlu ditepikeun ngeunaan katerangan-katerangan anu aya patalina jeung objék panalungtikan, nya éta ieu di handap.

1) Unsur Budaya

Unsur budaya nya éta hal-hal anu ngawangun kabudayaan sacara gembheng di hiji daérah. Nurutkeun Koentjaraningrat (2009, kc. 165), yén unsur-unsur kabudayaan téh aya tujuh, nya éta: (1) basa, (2) sistem pangaweruh, (3) organisasi sosial, (4) pakakas jeung téknologi, (5) pakasaban, (6) kapercayaan, jeung (7) kasenian. Unsur budaya dina ieu panalungtikan nya éta unsur-unsur kabudayaan *universal* nu nyampak dina naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”.

2) Ajén Atikan

Ajén atikan téh nya éta nilai pendidikan nu bisa dijadikeun pieunteungeun katut picontoeun manusa. Ajén atikan dina ieu panalungtikan nya éta ajén-inajén atikan karakter dumasar kana Pusat Kurikulum Departemen Pendidikan Nasional nu nyampak dina naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”.

3) Naskah (*manuscript*)

Naskah (*manuscript*) nya éta salah sahiji titinggal budaya Sunda dina wangun tulisan. Luyu jeung éta hal, Iskandarwassid (2003, kc. 90) nétélakeun yén naskah dina ulikan sastra nya éta wacana (téks) hasil tulisan biasana dibeundeul/dibukukeun, tapi lain hasil citak. Dina naskah, leubeut ku sawangan hirup, palsapah, jeung ajén-inajén anu luhung, nu perlu dipikawanoh ku masarakat kiwari. Naskah (*manuscript*) dina ieu panalungtikan nya éta naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”.

4) “Wawacan Barjah”

“Wawacan Barjah” nya éta salah sahiji naskah buhun dina wangun prosa anu eusina euyeub ku unsur budaya jeung ajén-inajén atikan karakter bangsa nu kudu dipikanyaho hususna ku urang Sunda. Dina ngaguar ieu wawacan, pikeun

meunangkeun unsur budaya nu nyampak dina naskah, dianalisis dumasar kana tujuh unsur-unsur kabudayaan. Ajén atikan dianalisis dumasar paripolah, kalimah nu diucapkeun ku tokoh, tina pangalaman tokoh-tokoh nu aya dina naskah, sarta tina sikep jeung caritaan boh anu nembrak boh anu nyamuni dina ieu eusi naskah. “Wawacan Barjah” dina ieu panalungtikan mangrupa koléksi Nini Cékoj (82 th), Kampung Bunut Rt 13/ Rw 06 Désa Ciuyah Kecamatan Cisarua, Kabupaten Sumedang. Nini Cékoj meunang éta naskah wawacan ti salakina (Aki Usin (Alm)). Ieu naskah téh teu kapaluruh saha nu ngarang jeung nu nyalinna. Tapi, dina kolofon naskah katitén tempat ditulisna éta naskah, nya éta di Kampung Gelembung Mandalahérang Sumedang. Tapi aya kamungkinan yén éta naskah téh dikarang atawa disalin ku rundayan silsilah kulawarga Aki Usin (Alm).

5) Budaya

Budaya nya éta sagala rupa kagiatan anu geus jadi hiji kabiasaan. Baried spk. (1985, kc. 85-86) ngahartikeun budaya salaku:

Kelompok adat kebiasaan, pikiran, kepercayaan, dan nilai yang turun temurun dipakai oleh masyarakat pada waktu tertentu untuk menghadapi dan menyesuaikan diri terhadap segala situasi yang sewaktu-waktu timbul, baik dalam kehidupan individu maupun dalam kehidupan masyarakat sebagai keseluruhan.

Budaya dina ieu panalungtikan dijadikeun acuan pikeun maluruh unsur-unsur budaya nu nyampak dina naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”.

6) Étnopédagogi

Alwasilah (2010, kc. 45) nétélakeun yén étnopédagogi nya éta prakték atikan nu basisna *kaaripan lokal* dina rupa-rupa hal. *Kaaripan lokal* museurkeun kana pangaweruh salaku sumber inovasi jeung karancagéan nu bisa dibudidayakeun pikeun karaharjaan masarakat. *Kaaripan lokal* aya hubunganana jeung pangaweruh anu dihasilkeun, diteundeun, dikelola, jeung diwariskeun. *Kaaripan lokal* dina ieu panalungtikan mangrupa ajén-inajén karakter bangsa nu nyampak dina naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Wulan Widianingsih, 2014

UNSUR BUDAYA JEUNG AJÉN ATIKANDINA NASKAH (MANUSCRIPT) “WAWACAN BARJAH”

Universitas Pendidikan Indonesia | \.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Instrumén nya éta alat anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data. Instrumén panalungtikan anu digunakeun nya éta padoman wawancara, jeung analisis téks nu ngagunakeun padoman kartu data. Padoman wawancara anu digunakeun mangrupa gurat badag tina masalah anu hayang ditanyakeun. Padoman anu digunakeun nya éta:

- 1) Naon judul naskah?
- 2) Saha anu boga naskah (ngaran, umur, alamat, pakasaban)?
- 3) Salian ti nini, saha deui nu boga naskah “Wawacan Barjah”?
- 4) Ti mana asal-muasalna ieu naskah? Naha meunang meuli/paméré/warisan/ nginjeum?
- 5) Saha anu nyalin/nu nulis/nu ngarang ieu naskah? (ngaran, umur, alamat, pakasaban)?
- 6) Saha waé anu kungsi maca/nalungtik, nyatet ieu naskah?
- 7) Sok dibaca kénéh tara? pami osok, dina acara naon dibacakeunana? iraha dibaca?
- 8) Kumaha cara nyimpenna? Di mana disimpenna?

Ari kartu data dina ieu panalungtikan téh digunakeun pikeun nyalin jeung mindahkeun kecap-kecap dina pada atawa padalisan anu kaasup unsur budaya. Conto format data analisis unsur budaya jeung ajén atikan saperti tabél ieu di handap.

Tabél 3.1
Conto Format Data Analisis Pakakas jeung Téknologi
dina “Wawacan Barjah”

No	Pakakas jeung Téknologi	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan	Kapanggih ogé dina Pada Ka-
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

--	--	--	--	--

Tabél 3.2
Conto Format Data Analisis Ajén Atikan Karakter Bangsa *Peduli Sosial*
Dumasar PUSKUR DEPDIKNAS dina “Wawacan Barjah”

No	Indikator	Palaku	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Tabél 3.3
Conto Format Data Analisis Ajén Atikan Karakter Néгатif


No	Indikator	Palaku	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Sangkan leuwih jéntré, conto data analisis digambarkeun dina wangun tabél ieu di handap.

Tabél 3.4
Conto Data Unsur Budaya Pakakas jeung Téknologi
dina “Wawacan Barjah”

No	Pakakas jeung Téknologi	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan	Kapanggih ogé dina Pada Ka-
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Pelor	III/4/14/56	Pélor , batu, jeung jamparing, ku oray téh taya nu dirasa, ...	47, 49, 86
2.	Jamparing	II/4/12/50	... orayna enggeus karuang, ku tumbak jeung ku jamparing , ...	49, 56, 177, 182, 184, 186, 187, 190, 203, 206, 225, 258, 527, 534, 560

Tabél 3.4 di luhur nya éta conto nu dipaké pikeun nganalisis unsur budaya. Unsur budaya nu dipaké conto dina tabél di luhur nya éta unsur pakakas jeung téknologi. Cara méré kode data, dilakukeun dumasar unsur nu dianalisis. Data nu ditulis dina kode data, urutanana nya éta kanto/kode unsur budaya pakakas jeung téknologi/kaca/pada. Contona, dina kode data di luhur ditulis III/4/14/56.



Gambar 3.2
Keterangan Kode Data Analisis Unsur Budaya Pakakas jeung Téknologi


Tina gambar di luhur bisa dihartikeun, III mangrupa kode kanto (nomer pupuh). 4 mangrupa kode unsur pakakas jeung téknologi, 14 mangrupa kaca dina naskah, 56 mangrupa pada.

Lian ti conto analisis data unsur budaya pakakas jeung téknologi, ieu di handap ogé digambarkeun conto analisis data ajén atikan karakter bangsa dumasar PUSKUR DEPDIKNAS dina “Wawacan Barjah”.

Tabél 3.5
Conto Data Ajén Atikan Karakter Bangsa *Peduli Sosial*
Dumasar PUSKUR DEPDIKNAS dina “Wawacan Barjah”

No	Indikator	Palaku	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisian
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Tutulung	Barjah	I/17/5-6/25	Indit subuh balik soré, //babantu baé damelna, (6) Radén Barjah unggal poé, teu aya pisan eureunna, ka sakabéh nu ngahuma, di mana anu ngarempug, Radén Barjah tangtu aya.

Tabél 3.5 di luhur nya éta conto nu dipaké pikeun nganalisis ajén atikan karakter bangsa *Peduli sosial* dumasar PUSKUR DEPDIKNAS dina “Wawacan Barjah”. Cara méré kode data, dilakukeun dumasar ajén nu dianalisis. Data nu ditulis dina kode data, urutanana nya éta kanto/kode ajén atikan karakter bangsa *peduli sosial*/kaca/pada. Contona, dina kode data di luhur ditulis I/17/5-6/25.




Gambar 3.2
Keterangan Kode Data Analisis Ajén Atikan Karakter Bangsa *Peduli sosial*

Tina gambar di luhur bisa dihartikeun, I mangrupa kode kanto (nomer pupuh), 17 mangrupa kode ajén atikan karakter bangsa *peduli sosial*, 5-6 mangrupa kaca, 25 mangrupa pada.

Tabél 3.6
Conto Data Ajén Atikan Karakter Néгатif dina “Wawacan Barjah”

No	Indikator	Palaku	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Jalir kana jangji	Raja Berjati (Tawanggantungan)	IV/19/81	Raja Berjati pok nyaur, bari mawa serat bengis, Aing moal minantuan, kari Barjah jalmana miskin, wantu loba Raja-raja, moal dibikeun ka Pangarit.

Tabél 3.6 di luhur nya éta conto nu dipaké pikeun nganalisis ajén atikan karakter néгатif dina naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”. Cara méré kode data, dilakukeun dumasar ajén nu dianalisis. Data nu ditulis dina kode data, urutanana nya éta kanto/kode/kaca/pada. Contona, dina kode data di luhur ditulis IV/19/81.



Gambar 3.3
Keterangan Kode Data Analisis Ajén Atikan Karakter Néгатif

Tina gambar di luhur bisa dihartikeun, IV mangrupa kanto, 19 mangrupa kaca, 81 mangrupa pada.

Sanggeus sakabéh data dianalisis, tuluy hasil analisis datana didéskripsikeun.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téknik panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta téknik studi lapangan jeung studi pustaka. Téknik studi lapangan digunakeun pikeun ngumpulkeun data sacara langsung ka lapangan kalayan ngagunakeun téknik wawancara. Téknik wawancara nu digunakeun nya éta *wawancara tak berstruktur*. Nurutkeun Sugiyono (2010, kc. 140), *wawancara tak berstruktur* nya éta wawancara anu bébas. Panalungtik teu ngagunakeun padoman wawancara anu disusun sacara sistematis dina ngumpulkeun datana. Padoman wawancara anu digunakeun ngan mangrupa gurat badag tina masalah anu hayang ditanyakeun.

Téknik studi pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nalaah buku nu dijadikeun bahan pustaka pikeun sumber répérénsi anu aya patalina jeung topik panalungtikan (Suyatna, 2002, kc. 17). Dina ieu panalungtikan, téhnik studi pustaka digunakeun pikeun néangan data atawa informasi anu aya patalina jeung téori ngeunaan unsur budaya jeung ajén atikan anu nyampak dina naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”. Léngkah-léngkah téhnik studi pustaka dina ieu panalungtikan, nya éta:


- 1) Néangan informasi nu aya patalina jeung naskah “Wawacan Barjah”;
- 2) Nyusun transliterasi naskah “Wawacan Barjah”;
- 3) Maca naskah “Wawacan Barjah”;
- 4) Nyirian data anu aya patalina jeung unsur budaya sarta ajén atikan karakter; jeung
- 5) Ngasupkeun data-data nu geus dicirian kana kartu data sangkan babari nganalisisna.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Téknik panalungtikan anu digunakeun pikeun ngolah data nya éta téknik analisis data. Nurutkeun Sugiyono (2010, kc. 147) analisis data mangrupa

kegiatan sanggeus data ti sakabéh réspodén atawa sumber data anu séjén kakumpulkeun. Ieu tehnik digunakeun pikeun maluruh jeung nganalisis data atawa bahan anu geus aya.

Téhnik analisis data nu dilakukeun mangrupa téhnik analisis interaktif, nya éta analisis data kualitatif nu ngawengku tilu galur. Kegiatannya éta réduksi data, midangkeun data, katut nyindekkeun jeung *verifikasi* nu dilaksanakeun sacara babarengan, sakumaha bagan ieu di handap.



Bagan 3.2 Téhnik Analisis interaktif (Miles jeung Huberman, 1992, kc. 16)

Saméméh dianalisis, data nu geus dikumpulkeun téh diklasifikasikeun ngaliwatan téhnik-téhnik sakumaha anu geus disebutkeun di luhur. Sabada diklasifikasikeun, data diréduksi ngaliwatan prosés seléksi, museurkeun, ngabasajankeun, jeung abstraksi data kasar. Data téh diseléksi ku jalan milah-milah kalawan tujuan meunangkeun ma'na jeung fungsi nu tangtu ditilik tina puseur pasualan panalungtikan. Sedengkeun midangkeun data mangrupa hiji prosés nyusun (ngarakit) atawa ngaorgaisasikeun informasi nu kapaluruh patali jeung kegiatan nyindekkeun jeung *verifikasi*.

Kegiatan nyindekkeun jeung *verifikasi* mangrupa léngkah penting dina prosés panalungtikan. Nyindekkeun hasil panalungtikan téh didasaran ku kegiatan informasi nu dicangking dina kegiatan analisis data. Sabada éta, dilaksanakeun tafsiran intéléktual kana kacindekan-kacindekan nu dicangking

Dumasar masalah panalungtikan, sanggeus data kakumpulkeun, satuluyna data diklasifikasikeun, didéskripsikeun, dianalisis dumasar kana masalah panalungtikan. Téknik analisis data saperti ieu di handap.

- 1) Maca sarta neuleuman naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”;
- 2) Nyusun transliterasi naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”;
- 3) Data dikelompokkeun atawa diklasifikasikeun dumasar masalah panalungtikan, nya éta dumasar: unsur budaya (basa, sistem pangaweruh, organisasi sosial, pakakas jeung téknologi, pakasaban, sistem kapercayaan atawa réligi, jeung kasenian); ajén inajén atikan karakter bangsa dumasar Pusat Kurikulum Departemen Pendidikan Nasional nu nyampak tina diri palaku naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”;
- 4) Nganalisis unsur budaya jeung ajén-inajén atikan karakter dumasar kana katangtuan Pusat Kurikulum Departemen Pendidikan Nasional nu nyampak tina diri palaku naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”;
- 5) Nyieun kacindekan tina hasil analisis data panalungtikan ngeunaan naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah”; jeung
- 6) Nyusun hasil analisis atawa hasil ulikan.